

# Kouman pou Ranpli yon Reklamasyon Asirans Inondasyon pou Asirans Inondasyon Gwoup ou a (Group Flood Insurance Policy - GFIP)

---

Release Date: Jun 4, 2021

**GFIP refere ak asirans inondasyon jan sa tabli dapre règ Pogram Nasyonal Asirans Inondasyon an (National Flood Insurance Program - NFIP). Tout mèt asirans NFIP yo (ki enkli moun ki posede sètifika GFIP yo) kapab depoze yon reklamasyon apre yo fin sibi inondasyon, menm si pa gen yon deklarasyon prezidansyèl ki bay.**

Dènye inondasyon resan yo kreye yon dezaz san rete pou abitan Lake Charles avèk sila nan zòn ba yo nan Lwizyàn. Gen abitan ki genyen Asirans Inondasyon Gwoup (Group Flood Insurance Policies - GFIP) yo te resevwa nan kad asistans FEMA yo te resevwa nan yon dezaz inondasyon prezidan te deklare avan.

Si w sibi yon inondasyon pandan ou kouvri nan yon Asirans Inondasyon Gwoup (Group Flood Insurance Policy), men enfòmasyon enpòtan ou dwe konnen:

## Depoze Reklamasyon ou

- Demare pwosesis Reklamasyon an. Rapòte tou sa w pèdi yo touswit.
- Founi resi ki verifye reparasyon ki te fèt swit ak pèt ki te sibi nan inondasyon anvan an.
- Separe posesyon ou genyen ki andomaje ak sa ki rete entak yo.
- Pran foto posesyon andomaje yo anvan ou jete yo.
- Moun ki posede sètifika GFIP kapab fè yon reklamasyon lè yo rele Sant Dapèl Dirèk NFIP (Direct Call Center) nan 800-638-6620. Seleksyone lang ou epi chwazi opsyon 2 pou Initie Batiman Espesyal Dirèk (Special Direct Facility).

## Kisa GFIP ye?

- Asirans Inondasyon Gwoup (Group Flood Insurance Policies) la se asirans sètifika twa zan (36 mwa) NFIP bay sèten sivivan dezaz ki abite nan zòn awo risk pou



inondasyon, ki resevwa asistans FEMA pou dezans sou byen pèsònèl apre yon inondasyon, ki pat gen asirans inondasyon, epi ki pat bezwen aplike oswa U.S. Small Business Administration (SBA) te refize fè yon prè.

- Mèt Asirans GFIP yo, menm jan ak lòt sivivan dezans ki te jwenn asistans federal kont dezans pou inondasyon yo te sibi sou byen reyèl pèsònèl yo nan zòn awo risk inondasyon, yo egzijè moun sa yo toujou genyen epi kenbe asirans inondasyon kòm kondisyon asistans federal yo jwenn lan. Pa pran osnon pa kenbe kouvèti asirans lan ka rann yo pa elijib pou sèten asistans dezans oka yon dezans alavni.
- Lokatè ki elijib kapab jwenn yon GFIP pou kouvri byen pèsònèl yo, men yo dwe fè FEMA konnen y ap retounen al rete nan kay yo a inondasyon ravaje a.
- Kondisyon Asirans lan ap kòmanse ranpli 60 jou apre deklarasyon prezidan an gen yon dezans. Kouvèti endividyèl ap antre an vigè 30 jou apre NFIP resevwa avi avèk kou mansyèl asirans lan.
- GFIP kouvri jiska prim maksimòm Program FEMA bay Endividi ak Fanmi yo ki koulyea ekivo \$71 000 (\$35 00 maksimòm pou Asistans Lojman avèk \$35 000 maksimòm pou Asistans pou Lòt Bezwen).

### **Byen konprann pòsyon responsablite w:**

- Si w lwe kay pwopriyete w la: Ou pa kapab depoze reklamasyon dedomajman batiman an, men w ap kab aplike tout montan total kouvèti byen pèsònèl ou posede a ki andomaje nan inondasyon an. Montan ou Responsab pou li a: \$200.
- Si w posede pwopriyete ak sa k ladan: W ap kab divize montan total kouvèti GFIP ant kouvèti batiman an ki andomaje nan inondasyon an ak byen pèsònèl la ki andomaje nan inondasyon an, oswa ou kapab aplike tout montan total kouvèti asirans sou youn oswa lòt la. Montan ou Responsab pou li a: \$200 pou reklamasyon batiman an avèk/oswa \$200 pou reklamasyon byen pèsònèl la.
- Si w posede pwopriyete a men pa sa k ladan: W ap kab aplike montan total kouvèti asirans batiman ki andomaje nan inondasyon an. Montan ou Responsab pou li a: \$200.

### **Kisa yon Asirans Inondasyon Gwoup (Group Flood Insurance Policy) Kouvri?**

- W ap jwenn Rezime Kouvèti Asirans lan sou: [https://www.fema.gov/sites/default/files/2020-09/fema\\_group-flood-insurance-policy.pdf](https://www.fema.gov/sites/default/files/2020-09/fema_group-flood-insurance-policy.pdf). Dosye reklamasyon ou an ap regle sou baz sa valè aktyèl lajan kontan (actual cash value - ACV) an ye. Valè aktyèl lajan kontan an (actual cash value) se kou pou ranplase domaj la nan moman pèt la, ki pran an kont tout depresyasyon sou kalite akòz laj oswa kondisyon.
- GFIP founi kouvèti asirans inondasyon jiska twa zan. Mèt asirans lan ka chwazi



ogmante asirans lan (jiska \$250 000 pou yon batiman epi jiska \$100 000 pou sa k ladan) depi yo chanje pou yon asirans inondasyon estanda a nenpòt ki moman nan peryòd kouvèti a.

- GFIP kapab transfere sou yon nouvo mèt asirans si kay la ta vann. Kontakte NFIP Direct nan 800-638-6620.
- Demann pou genyen asirans inondasyon an — swa avèk NFIP oubyen yon konpayi asirans prive, menm adrès la ap rete menm si mèt kay la demenaje. Pou lokatè, asirans inondasyon obligatwa si yo rete nan adrès yo lwe a. Moun ki gen sètifika GFIP yo ap jwenn yon rapèl alafen asirans yo an kab fè yo konnen yo bezwen achte SFIP oswa yon asirans inondasyon prive. Pou plis enfòmasyon sou ekzijans pou pran epi kenbe asirans inondasyon, ale sou <https://www.fema.gov/sites/default/files/2020-05/FloodInsuranceRequirements-080119.pdf>.

### **Moun ki Genyen NFIP sou Baz Endividyèl (Pa Mèt Asirans Gwoup yo)**

- An jeneral, pi fò lòt moun ki genyen asirans NFIP yo, y ap rele ajan asirans yo pou fè yon reklamasyon. Si w pa ka sonje avèk ki konpayi asirans ou gen asirans NFIP ou a, rele FEMA Mapping ak Insurance eXchange nan 877-336-2627. Seleksyone lang ou epi chwazi opsyon 4 pou asirans.
- Konpayi ak ajan asirans ki lofri asirans inondasyon yo kapab founi ransèyman jeneral sou kouvèti asirans yo avèk kouman pou enskri. Pou plis enfòmasyon sou Pogram Nasyonal Asirans Inondasyon an (National Flood Insurance Program) avèk asirans inondasyon, rele FEMA Mapping ak Insurance eXchange nan 877-336-2627 oswa ale sou [www.floodsmart.gov/](http://www.floodsmart.gov/).

Pou pale avèk yon Espesyalis Edikasyon Kominotè ak Sansibilizasyon (Community Education and Outreach - CEO) sou risk inondasyon, asirans inondasyon avèk sou fason pou redwi risk ou pou w pa inonde, rele 1-833-FEMA-4US oswa voye yon imèl bay [FEMA-LAmit@fema.dhs.gov](mailto:FEMA-LAmit@fema.dhs.gov).

Pou dènye enfòmasyon pi resan sou Siklòn Laura, vizite [Louisiana Hurricane Laura \(DR-4559-LA\)](#). Pou dènye enfòmasyon pi resan sou Siklòn Delta, vizite [Louisiana Hurricane Delta \(DR-4570-LA\)](#). Pou plis enfòmasyon sou Siklòn Zeta, vizite [Louisiana Hurricane Zeta \(DR-4577-LA\)](#). Pou plis enfòmasyon sou Tanpèt Nèj yo, vizite [Louisiana Severe Winter Storms \(DR-4590-LA\)](#). Pou plis enfòmasyon siplemantè sou Gwo tanpèt, tònad, ak inondasyon, ale sou [Severe Storms, Tornadoes and Flooding \(DR-4606-LA\)](#). Oswa, swiv kont Twitter FEMA Region 6 sou [FEMA Region 6 \(@FEMARegion6\) / Twitter](#).

